

Atansyon Tout Chofè Kamyon Komèsyal yo: Si W ap Fè Transpò Machandiz, Ou Pwoteje Anba Commercial Goods Transportation Industry Fair Play Act (Lwa Ekite konsènan Endistri Transpò Komèsyal Machandiz)

Lwa a endike ou se yon anplwaye sof si:

- Ou rapòte peman pou sèvis ou sou yon fòm taks federal sou revni 1099, si lwa a egzije sa
- **Epi swa:**
 - Ou se yon antrepriz endepandan, jan lwa a defini sa, **oswa**
 - Ou pa ni resevwa enstriksyon ni anba kontwòl lè w ap fè djòb ou,
 - Ou fè travay ki pa pati travay regilye biznis ki te anboche a fè, **epi**
 - Ou gen yon biznis ou kreye yon fason endepandan.

Lalwa pa dakò pou yon patwon mal klase anplwaye yo kòm kontraktè endepandan oswa peye anplwaye yo anba-tab.

Dwa Anplwaye yo: Si ou se yon anplwaye, ou gen dwa pou jwenn pwoteksyon travayè leta ak federal.

Men kèk ladan yo:

- Avantaj Asirans Chomaj (Unemployment Insurance), si ou nan chomaj san se pa ou ki lak? sa a, si ou kapab travay epitou si ou kalifye,
- Avantaj Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation) pou chòk ou pran nan djòb ou;
- Peman pou salè ou touche, salè minimòm, ak salè pou travay siplemantè (nan sèten kondisyon),
- Salè dominan nan pwojè travay piblik,
- Dispozisyon National Labor Relations Act (Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay), ak
- Yon anviwònman travay ki gen sekirite.

Se yon vyolasyon lwa a pou patwon yo fè vanjans kont nenpòt moun ki egzèse dwa li anba lwa a. Vanjans ka lakòz yon patwon tonbe anba sanksyon sivil, yon pwosè sivil, oswa toulède.

Antreprenè Endepandan: Si ou se yon kontraktè endepandan, **ou dwe peye tout taks ak kotizasyon Asirans pou Chomaj ki obligatwa dapre Lwa Eta New York ak Lwa federal.**

Sanksyon poutèt yon patwon peye travayè anba-tab oswa poutèt yon patwon trete anplwaye yo kòm antreprenè endepandan:

- **Sanksyon Sivil Penalty** Premye vyolasyon: Jiska \$2,500 dola pou chak anplwaye
Vyolasyon apre (yo): Jiska \$5,000 dola pou chak anplwaye
- **Sanksyon Kriminèl** Premye vyolasyon: Deli - jiska 30 jou nan prizon oswa jiska yon amann \$25,000 dola epi entèdiksyon pou fè travay piblik pandan apeprè yon ane.
Vyolasyon apre (yo): Deli - jiska 60 jou nan prizon oswa jiska yon amann \$50,000 dola epi entèdiksyon pou fè travay piblik pandan apeprè senk (5) ane.

Si ou gen kesyon sou kondisyon travay ou oswa si ou kwè patwon ou ka vyole dwa ou epi si ou vle fè yon plent, rele Depatman Travay (Department of Labor) nan nimewo (866) 435-1499 oswa voye yon imèl nan dol.misclassified@labor.ny.gov. N ap konsidere tout plent pou fwod ak vyolasyon oserye. Ou pa oblije fè konnen non ou nan plent lan.

Non Patwon an: _____